

Sansibilizasyon Kominotè Sant Enfòmasyon sou Dekabonizasyon Massachusetts la

Objektif:

Dokiman sa a bay yon kontèks jeneral sou opsyon pou yon "Sant Enfòmasyon" sou dekabonizasyon bilding "nan Massachusetts. Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmanal Massachusetts (EEA) ap chèche kòmantè entèvenan yo konsènan fason ki pi efikas pou delivre dekabonizasyon ekitab nan tout eta a.

Misyon:

EEA ap chèche kòmantè entèvenan yo pandan y ap detèmine si pou yo avanse avèk youn nan opsyon yo pou Sant Enfòmasyon sou Dekabonizasyon Bilding lan. Nan non EEA, yo te mande Gwoup Salomon an ak VEIC pou angaje entèvenan nan tout Massachusetts, soti nan kominote lokal yo ak ti biznis yo rive nan defansè ak ekspè yo, mande yo fè kòmantè sou opsyon potansyèl pou amelyore livrezon ekitab solisyon dekabonizasyon pou tout moun nan Commonwealth la.

Aksyon ki te Poze:

Sant Enfòmasyon sou Dekabonizasyon se yon inisyativ konplè pou ede moun yo ak biznis yo diminye emisyon kabòn ak fado enèji. Gwoup Salomon ak VEIC te konte sou kontribisyon yon kantite antite pandan devlopman opsyon konsepsyon pou Sant Enfòmasyon an, tankou Komite Konsiltatif Ekite nou an, yon echantiyon reprezantif defansè enèji, anviwònman ak ekite, coach nan zafè enèji ak lòt moun ki gide kliyan yo atravè pwojè dekabonizasyon yo. (Manm Komite yo kolektivman rele Konseye.) Anba la gen pwèn enpòtan kòmantè ak fidbak nou te resevwa nan men yo sou eleman esansyèl ki nesèsè pou etabli dekabonizasyon ekitab nan Massachusetts.

Sa nou te Tande:

- Ekite - asire kay ki gen revni fèb e ki majinalize yo benefisye de Sant Enfòmasyon sou Dekabonizasyon Bilding Ina - te yon gwo enterè. Konseye yo te fè remake ke pwogram ki egziste deja yo pa t fè yon bon travay pou sèvi kominote ki gen revni fèb yo. Yo panse Clearinghouse la ta dwe esplike egzakteman ki jan li pral ede fwaye ki gen revni fèb yo adopte solisyon enèji pwòp tankou chofaj elektrik, espesyalman pou moun ki konte sou konbistib ki livre yo. Si yo fè sa kòrèkteman, Sant Enfòmasyon an ta ka konble lakin ki genyen nan sèvis aktyèl yo epi asire kominote sa yo jwenn sipò yo bezwen an.
- Konseye yo te mete aksan sou nesèsite pou ogmante sansibilizasyon ak sèvis pakou kliyan ki idantifye kliyan ki bezwen sipò, kominike opòtinite pou patisipe nan pwogram ankourajman dekabonizasyon ak eskòt kliyan nan pwosesis pou chwazi ak reyalize pwojè sa yo.
- Konseye yo te mande pi gwo enfrastrikti pou pataje enfòmasyon ki ta ebèje done ki gen rapò ak done demografik nan fwaye yo, done estriktirèl, done pwogram ankourajman dekabonizasyon ak kapasite Jesyon Relasyon Kliyan (CRM) pou fasilite kontak ak akselere pakou kliyan yo atravè pwojè dekabonizasyon yo.
- Konseye yo te mete aksan sou nesèsite pou gen plis transparans ak enklizyon lè y ap angaje entèvenan yo. Yo vle yon pwosesis pi klè sou fason desizyon yo pran epi pou pran kòmantè yo oserye. Pou fè sa rive, yo sijere elaji pwosesis angajman an pou enkli plis vwa, espesyalman nan kominote ki gen revni fèb ak lòt gwoup ki pa byen reprezante yo, pou tout moun ki afekte yo gen yon vwa.
- Finansman se te yon lòt gwo enkyetid. Konseye yo pa t wè yon plan klè sou fason pou peye pou amelyorasyon chè ki pral nesèsè pou rann fwaye yo ak bilding yo pi efikas sou plan enèjetik. Yo rekòmande pou mete kanpe yon ekip finans nan Sant Enfòmasyon an pou travay avèk divès sous

Sansibilizasyon Kominotè Sant Enfòmasyon sou Dekabonizasyon Massachusetts la

finansman, tankou kredi taks, pwogram prè, ak bank vèt, pou asire gen ase lajan pou atenn objektif dekabonizasyon ki fikse pou tout fwaye yo.

- Konseye yo te sipòte konsolidasyon livrezon pwogram nan nan yon sèl òganizasyon pou jere tout pwogram yo olye yo te fè yo gaye atravè diferan ajans ak founisè enèji yo. Yo kwè sa ta fè tout bagay mache plis an dousè, diminye konfizyon, epi rann li pi fasil pou kliyan yo aksede a pwogram sa yo. Yo te deklare tou ke konsolidasyon jesyon ak egzekisyon ta pèmèt pi gwo efikasite operasyonèl ki gen rapò ak depans, pataj enfòmasyon ak operasyon maketing / kontak ak egzekisyon pwogram nan. Kòm yo konfye pwogram nan a yon sèl òganizasyon, li ta posib pou gen yon pi gran responsabilizasyon tou.

Pwopozisyon Sant Enfòmasyon yo an brèf:

Sou Baz rechèch ki soti anndan ak andeyò Massachusetts nan kòmansman pwojè a, kòmantè Konseye Ekite yo, ak deliberasyon avèk EEA, nou tou elebore pwopozisyon ki gen ladan yo:

1. **Kreye yon Eksperyans Kliyan "Plizyè Bagay yon Sèl Kote" Inifye:** Sa ta rasyonnalize aksè kliyan nan sipò pou efikasite enèjetik, enèji renouvlab, ak pwogram dekabonizasyon, sa ki rann li pi fasil pou moun navige nan opsyon pwogram yo. Li t ap pèmèt tou yon administrasyon ki pi rantab.
2. **Mete Ekite nan Sant lan:** Asire pwogram yo fèt pou yo aksesib ak benefik pou kominote defavorize yo nan atribye responsablite Sant Enfòmasyon an a objektif ekite nan lwa, amonize finansman ak objektif sa yo epi nan elaji kapasite pou angajman lokal / rejyonal.
3. **Amelyore Pwosesis Pakou Kliyan an:** Kreye/amelyore asistans teknolojik, sèvis kliyan, ak enfrastruktir aksè a lang pou ogmante dimansyon ak rit dekabonizasyon an nan yon fason ekite nan tout eta a.
4. **Bay Plis Sipò Finansye Inifye:** Sant Enfòmasyon an ta jwe yon wòl aktif nan ede kliyan pote ansanm diferan resous finansye pou peye pou pwojè enèji, soti nan rabè Mass Save ak finansman federal rive nan ankourajman solè ak prè sibvansyone.

Demann:

Avèk respè, nou mande w:

1. Pataje dokiman sa a avèk òganizasyon w lan ak elektè w yo, epi si sa posib, jwenn kòmantè nan men yo konsènan pwosesis, obsèvasyon ak rekòmandasyon ki kominike pi wo a.
2. Mete yon moun disponib nan òganizasyon w lan pou resevwa yon prezantasyon epi patisipe nan yon seyans kesyon-ak-repons pou pwennvi ou, opinyon ak rekòmandasyon yo ka entegre nan pwopozisyon final nou an pou EEA.
3. Enfòmè òganizasyon w lan ak elektè w yo sou seyans odyans piblik **yo** nan dat 3/12/2024 **apati 10:00am - 12:00pm ak 4/12/2024 apati 6:00pm - 8:00pm**. Seyans sa yo pral bay yon opòtinite pou EEA ak ekip konsiltasyon an prezante opsyon konsepsyon pou Sant enfòmasyon sou Dekabonizasyon Bilding lan epi bay yon opòtinite pou kòmantè. Nou pral voye yon imèl ak detay seyans odyans piblik ak lyen enskripsyon ki ka pataje avèk òganizasyon w lan ak elektè w yo.

Aprè nou fin resevwa kòmantè entèvenan nan kominote a, nou pral rapòte rezilta nou yo bay EEA pou konsiderasyon nan elaborasyon final konsepsyon Sant Enfòmasyon ki pwopoze a. **Mèsi!**